

MEMORANDÒM

A: Komite Lekòl

DE: Brenda Cassellius, Sirentandan

CC: Andrea Zayas, Direktè akademik
Monica Hogan, Direktè egzekitif an chèf, Done ak responsabilite
Lindsa McIntyre, H.S. Sirentandan lekòl la
Elia Bruggeman, H.S. Sirentandan lekòl la
Mary Dillman, Chèf Dekip
Megan Costello, Konseye an chèf

DAT: 24 Mas 2021

OBJÈ: CCLR reyinyon komite Lekòl la

Aswè a reyinyon an ap konsantre sou plizyè domèn ki fè enpak sou efikasite BPS pou fè sèten ke elèv nou yo (CCLR) prè pou inivèsite, karyè ak lavi lè yo kite BPS. Nap kòmanse avèk yon revizyon done gradyasyon ki fenk pase a ak pousantaj abandon pou elèv ki fè pati lekòl BPS. Kòm nou ka wè, done yo di ke nou gen yon fèb pousantaj elèv ki abandone lekòl la, pandan ke nou konstate gen yon ogmantasyon nan pousantaj elèv ki gradye. Done sa yo se bagay pou n selebre. Sepandan, enfòmasyon pou asistans, GPA yo, aksede a bonjan kou, epi aprantisaj nenpòt lè, nenpòt kote yo endike ke sèlman 43% nan elèv ki fenk gradye yo prepare pou lavi aprè yo fin gradye. Lè nou divize done sa yo nan sak gen pou wè ak ras, nou jwenn prè gen yon diferans nan ekspansyon opòtinite pou elèv ki majinalize pa rapò ak itwa yo.

Yon fason nou ka amelyore CCLR elèv BPS yo se pou mete an plas yon kou etid MassCore kòm egzijans pou gradyasyon BPS. Lè nou mete anplas MassCore kòm yon gran eleman pou gradyasyon, nap bay transparans pou egzijans gradyasyon nan tout lekòl segondè BPS yo. MassCore a bay opòtinite pou n asire n ke tout elèv gen aksè ak kou de kalite nan tout Distri a. Metòd la ap fini ak tout vid opòtinite nan reyalizasyon Masscore ki se yon pwoblèm pou elèv ki majinalize pa rapò ak istwa yo.

Padan pwosesis angajman, nou te resevwa feedback nan men lidè lekòl nou yo sou adopsyon

Masscore e enplikasyon li sou finans, elèv ki sou kredi epi ki gen ti laj yo, elèv kap aprann Anglè, ak elèv ki endikape yo. An reponse ak feedback sa yo, nap pataje yon plan plan orijinal sou sipò elèv nou yo e asire nou ke MassCore pa antrene rediksyon finans.

Anplis de MassCore, ekip H.S. la ap prezante done kou yo davans, rezilta kou yo, tout enpak li fè, ak MyCap ak preparasyon pou aprè etid segondè.

Anplis de sa, nap pran kèk tan pou n selebre pousantaj gradyasyon ki pi wo ke distri nou an janm konnen a 75.4%. Ogmantasyon sa a ap pote kwasans nan mitan pil gwoup elèv yo, ak nan mitan elèv nwa ak latinx yo. Nou gen lide pou mete yon ban inisyativ ak estrateji ki sipòte travay la nan domèn sa a, kòm nou konnen piti piti zwazo fè nich li.

Finalman, nou pral kreye lòt opòtinite pou kontinye fè pwogrè pandanke na rete ouvè pou n fè fas ak defi ki soti nan pandemi an e ki retade nou. Opsyon yo ap yon atikilasyon ki klè de vizyon nou, misyon nou, ak valè ki dekri nan plan retou ak estratejik nou an, Retabli ak konstwi fondasyon nou. Nap kontinye angaje nou nan pwosesis bay tout moun kapasite lapawòl pou n ka kontinye grandi ak fè pwogrè nan pousantaj gradyasyon yo. Sa ap fèt nan kontwole jan moun yo pale e travay ansanm, mete valè sou relasyon pozitif, konfyans, konpasyon, e koute moun ki pi ba yo.